

Ijambo rishikirijwe n’ Umukuru w’Igihugu ku musi mpuzamakungu wahariwe agateka k’ umukenyezi , i Gitega, ku wa 8 Ntwarante 2024.

- Bagabo namwe bakenyezi mwitavye runo rubanza, umwumwe wese mu cubahiro Imana yamuhaye;
- Bibondo mwaje mwaje muherekeje abavyeyi banyu ;
- Mwese hamwe abaje muri uru rubanza ;

Tugire amahoro !

Tugire amahoro !

Sangwa amahoro, ubumwe, iterambere n’ubutungane mu gihugu cacu!

1. Nshimikiye cane ku butungane kuko, ubutungane nyabwo ni iyo atanumwe agendera ku wundi, kandi abantu bose baba bangana imbere y’amategeko.
2. Kuri uyu musi rero kw’igenekerezo rya 8 Ntwarante, ni akanyamuneza ntangere ko kwifatanya n’abakenyezi mu guhimbaza umusi mpuzamakungu wahariwe agateka k’umukenyezi.
None rero nimuze dushimire Imana yo yabaye iya mbere itera iteka umukenyezi, kuko yamuhaye ingabirano idasanzwe kuva ikimurema.
Iyo Mana nyene, ni Yo yatumye duhura ngaha none , ni ihezagirwe imyaka n’imyaka! Nagira nsabe tuyikomere amashi mu kuyikengurukira.
3. Ngira ngo uno musi amajambo avugwa n’amajambo ajanye no kugira ngo ibintu tubibone kumwe twongere tuze turigira inama y’ingene

vyogenda, nico gituma nagomba, imbere ya vyose, kudasaba ko munyihanganira kuko maze iminsi mvuga ibintu bitirimutsa imitima ya bamwe bamwe, ivyo maze imisi mvuga kandi inkoramutima muga bigatirimutsa abantu , hariho kurwanya ba kaboko n’abaryi b’ibiturire kandi hariho abantu agatoki kamenyereye gukomba kaguma gahese, iyo ndabivuze abantu baratirimuka.

Hariho ikintu nama mvuga kijanye n’isuku, kandi hariho abantu bikundira kwibera mu mwavu, abo nabo birabatirimutsa.

Hariho ikibazo nama mvuga co kurwanya ubunembwe, kandi hari abamenyereye kurya batarinze kuruha, abo baratirimuka.

Hariho n’ikibazo co kurwanya amacakubiri no gukumirana, kandi hariho abamenyereye gukamisha ivy’amoko canke ivy’ibitsina.

Uno muni rero, ndashaka ko tuvuga umukenyezi mw’iterambere, ariko ntibiza kubuza ko tuvuga no ku kibazo bimwe bimwe bisanzwe bihanze ubuzima bw’igihugu.

4. Ngaha mu gihugu cacu rero, ikibazo c’abagabo n’abakenyezi ntigizeze kiba ingorane muri kahise cacu, kuko mu mico n’imigenzo yacu bari bazi kubitunganya neza.

Ni haba umukenyezi batamushira mu ntwaramiheto ngo aje ku rugamba, ntikwari uko bashaka kumukumira, ahubwo utohoje neza usanga kwari ukumukingira. None uri umuntu w’ubuntu, wofata umukenyezi afise uruhinja mu mugongo, ukamujana ku rugamba, ur’umuntu w’ubuntu?

Burya ur'umuntu w'ubuntu, wofata umukenyezi ari muri ca gihe c'ubutinyanka hanyuma ukamujana mu rugamba kandi muzi yuko kirya gihe vyabagora cane?

5. Uko imico n'imigenzo yagiye iratituka mu gihugu cacu, imiryango ikaza irasambuka , ni ko ikibazo c'abakenyezi cagiye kirigaragaza. Mbere, kiraturaza ishingira kugira turondere kazoza keza k'umukenyezi.

N'ubu ndabizi ko serugo, ko urugo rwubakiye ku mucu mwiza n'ijambo ry'Imana ata ngorane rwigera rugira.

6. Ugiye kuraba mw'ijambo ry'Imana, urabona yuko Imana yari yaragabishije amahanga, ikababwira iti "Ni hagera ko mwitorera umwami, ntimize mutore umunyamahanga, muratora umwe muri mwebwe kuko iyo murongowe nuwo mudasangiye imico n'imigenzo, ntakindi kiba atari uko asambura imico n'imigenzo mwari mufise.

7. Natwe ngaha mu Burundi, kuva igihe twarongorwa naba kavantara, niko imico n'imigenzo y'abarundi yagiye iratituka.

Niho rero habaye itituka ry'itunganywa ry'intwari ahumenga uburongozi ntibukiri umutwari ahubwo ukamenga n'ubihirwe.

Mbere, kubera nyene uko gutituka kw'uburongonzi , no kubapatiri umenga no kwa patiri mukuru w'iparokise ntikiri umuvyeyi, nico gituma n'abakenyezi bashakira kuba ba patiri, kubera hari akarusho ubaye patiri mukuru ucuronka.

8. Bisigura yuko iyo migenzo yaradutituye mu bitari mike, rero ico nosaba, nuko mu Burundi bwacu nitwaba dushakira gutera imbere,

twotangura imbere na mbere, kutarondera amatati aho atari kuko ubu umenga dushaka kubaho nka kavantara.

Umukenyezi w'umuzungu hariya i buraya amerewe nabi, umunyafrika acashaka kumererwa nabi, acavuga ngo nawe amerewe nabi.

9. Ariko nagira ndababwire, kugira twubakire ku mico, dushake dufate akarorero aha nyene, genda mutohoze kw'isi yose , mubaze abo muri asia, mubaze abo muri amerika, muza gusanga atari muri Afrika atahandi hakoraniye kuri stade abantu nk'aba.

Kuberiki, kandi uyu musu duhimbaza aribo bari barahabuje agateka mu gihugu cabo.

Mu Burundi umukenyezi yamanye agateka , kuko niwe yabazwa ivy'umuryango; ni we yari inumero ya kabiri mu muryango .

Umukenyezi ni inarugo, ni umuzezwanzu, kuva kera na rindi vyari biri uko.

10. Rero uyu musu duhimbaje, n'umusi nivyo utwibutsa urugamba abakenyezi bagize kugira ngo agateka kabo kubahirizwe.

Ariko dusubiye inyuma dusomye mu bitabo vy'ijambo ry'Imana, dusanga bose bahuriza ku cyumviro c'uko Imana yaremye umugabo n'umugore bafise agateka kandi ari magiriranire mu buzima bw'umuryango.

11. Uno musu kubera dushaka gucurika ibintu aho kuvuga yuko abantu bose bangana imbere y'amategeko, duca tuvuga tuti "umugabo n'umugore barangana". Iryo bintu mwumva bisa? Aho kuvuga ngo "abantu bose barangana imbere y'amategeko, nta

wuruta uwundi”, muga duca tuvuga ngo “umugabo n’umugore barangana”.

Ivyo rero jewe ndabifata yuko ari nk’umugambi wo gusambura imiryango, kandi tuzi yuko igihugu cari co cose cubakirwa ku miryango. None umuryango utagira umukuru, utagira umukuru n’umuto, uwo muryango wobaho gute?

Nta shirahamwe ndigera mbona ritagira umukuru n’umuto, ritagira umukuru, icegera, kubandanya... mugabo twebwe baza kutwigisha ngo umugore n’umugabo barangana kugira ngo mu muryango ntihaboneke umukuru.

12. Umubano rero mu bwuzure bw’umugabo n’umugore ni ikintu gisanzwe, mbere atawurinda kugihararira kuko gisanzwe aruko nyene kimeze.

Ngaha iwacu, twakuze twumva ko umukenyezi ari inarugo, ko umukenyezi ari umuzezwanzu. Aha nyene, duca twumva ko umukenyezi afise uruhara rudasanzwe mu buzima bw’umuryango.

Ngaha iwacu, ibintu vyagiye guhindura ishusho, igihe umukoloni aziye agaheza akadutsindagiramwo imigenzo yiwe tudasangiye.

Imana ikirema umukenyezi, yari yamuhaye ubutumwa bwo kuba umufasha w’umugabo ari naco gituma hari impore mu muryango.

Bagabo namwe bakenyezi ;

13. Mubimenye neza, Umugabo n’umugore ni magiriranire. Umugore arafise uburenganzira ku vy’umugabo wiwe nk’uko umugabo afise uburenganzira ku vy’umugore wiwe.

Nico gituma mbere urugo ari rwo shingiro ryambere ry'igihugu nkuko biri mw'ibwirizwa nshingiro ry'uburundi. Umugabo n'umugore wiwe bagize umwe nk'uko umuryango ari umwe.

14. Uyu mwaka duhuye muri iri koraniro ry'abakenyezi, kugira dukeze uburenganzira bw'umukenyezi mugabo tutibagiye no gushimangira ku vyo ategerezwa, kuko nawe afise uruhara rukomeye mu buzima bw'igihugu.

Uno musu usanga abarundi benshi bavuga ngo ni umusi mukuru mpuzamakungu w'umukenyezi, mugabo jewe mvuga nti n'umusi mukuru mpuzamakungu w'agateka k'umukenyezi, kandi ivyo bintu ntibisa.

15. Twebwe ngaha iwacu rero, kurivyo bijanye n'agateka, duhiriwe duhishije kuko mu mico n'imigenzo yacu, umukenyezi atigeze asigara inyuma. Ivyabaye canke ibiba mu ngo bihungabanya agateka k'umukenyezi ni icaha kitosasirwa indava.

Kuva kera na rindi umukenyezi yamye ari umuntu wo gukingirwa kuko yama afise vyinshi bimuhanze mu rugo.

Nico ituma umukenyezi atajanwa ku rugamba, yihatira cane cane ku bikorwa biraba ubuzima bwo mu muryango.

Ndabivuge ndabisubire, n'ubu umukenyezi mu rugo niwe inarugo, niwe muzezwanzu, niwe abazwa ivyo mu nzu.

16. Hariho abagabo batabitegera ivyo. Abagabo batabitegera, bari bakwiye kuvyumva, hanyuma nawe uwo mugabo akamenya yuko

ajejwe kuja guhiga ibitunga umuryango, ashitse agashikiriza umugre, hanyuma inarugo akaba ariwe atunganya ibijanye n'itunga ryo mu muryango. Ni ko vyategerezwa kugenda.

Ariko rero naho ari uko vyategerezwa, umukenyezi aracafise ibibazo abona ko bimutera agatosi mu buzima bwiwe, ivyo turabizi. Kandi ivyo bibazo, jewe ahanje ndabizi kandi ndabizirikana. Nico gituma mba nshaka kubivugira ngaha, kugira ngo abagabo bahari n'abakenyezi tuvuyumve kumwe hama tubitunganye neza kumwe:

17. Ikibazo cambere kijanye n'ubuzima bw'umukenyezi mu muryango, haba mu muryango yubatsemo canke mu muryango yavuyemwo.

Ubwambere mu muryango yavuyemwo, bavuga bati: "Ngo mama ugende iyo bagukoye ». None siko twavugaga kuva mu migenzo yacu ? Bobo bategera ko umwana bamusohoye, yagiye, inkwano igasigura ikimenyetso gisigaye aho avuye. Nico gituma bagereranya umukobwa n'inka ; bakavugaga ko aho avuye hasigaye igihengeri ko none kugira bamutange abamusavye babanza kukizibira ico gihengeri.

No mu gusaba murazi ko bavuga bati banza uhumbire iryumbi, koko ushimike, kugira ngo igihengeri kivuye mu rugo ukizibire.

18. Ubwakabiri, mu muryango yubatsemo. Kuva kera na rindi, umuhungu yubatswe urwiwe akazana umucance wiwe, umuryango waba uvuyeye, umuryango waba wungutse.

Ngo umukobwa nawe ashitse ku gishimaryango, ngo yaca adida akagere akavugaga ati : « Ndahinjiye sinzohasohoka ». Aho ni mu migenzo yacu.

Mu mico n'imigenzo y'Uburundi rero, umusore n'umwigeme bamaze kwubakana mu mategeko, baca baronka uburenganzira bwo gusangira vyose atakirinze gusabwa.

N'uno musu, umusore n'inkumi bubatse imbere y'amategeko, Atari wewe ushatse kuvyanka, amategeko azwi yuko umuhungu n'umukobwa baronka uburenganzira bwo gusangira vyose atakirinze gusabwa.

19. Ndatangara cane iyo numvise ko umukenyezi apfakaye, umuryango w'umugabo umucunaguza, mbere bagashaka no kumunyaga ivyo umucance wiwe yamusigiye.

Mu vy'ukuri, mu mico yacu, umugabo afise uburenganzira ku vy'umugore wiwe, nkuko n'umugore nyene afise uburenganzira budahera kuvy'umugabo mu gihe cose atagiye kwubaka ahandi.

Ni nk'uko abana bavyaye bafise uburenganzira ku vyo abavyeyi bose bafise.

Ntivyumvikana rero kandi, ntaho ndumva urubanza barenganije umukenyezi ngo nuko yapfakaye ngo bace bamwaka ivy'umugabo yarafise. Amategeko y'Uburundi, arakingira umukenyezi agiye kwubaka.

20. Ivyo birakwiye kumenyekana kugira abantu bareke kwihenda baja kubiri n'imico n'imigenzo y'igihugu, ari ryo banga ryaco. Imigenzo y'igihugu niryo banga ry'ico gihugu ritegerezwa gukurikirwa nk'itegeko.

Mu nyubako y'igihugu c'abarundi, umwana atora umuryango wa se ntafata umuryango wa nyina. Bavuka yuko umwana atorana ubwoko bwa se. Nico gituma bigorana ko umwana atorana i bunyina kuko aba atoranye mu wundi muryango.

Ni kwo kw'uko, nta mugabo yokwitwaza ko bubakanye n'umukenyezi wiwe ngo ace aja gutorana ivy'umugore kwa sebukwe.

Ivyo hariho abatabitegera, ariko jewe ndavyumva ko ari uko, kubera umwana afata ubwoko bwa se.

21. Iyo rero tuvuga ivyo gutorana, ni ukubanza kwihweza neza ibijanye n'imico n'imigenzo.

Mubisanzwe, ntanahamwe abakera bigeze bavuga ko umukobwa adatorana kwa se ariko birafise ingingo ngenderwako.

Naragiye no kubisoma mu gitabo c'amategeko, nsanga hariho abakobwa se yapfuye atamuhungu yavyaye, abakobwa baca baja gusaba Musa bati none izina rya data rizimangane uko nyene? Hanyuma Musa acaja guhanuza Imana igire ic'imubwiye. Imana yaramubwiye neza amategeko ajanye no gutorana, iramubwira iti « umugabo apfuye atagira abahungu, abakobwa biwe bamutoranako »

Imana yavuze ngo umugabo apfuye afise abahungu n'abakobwa, n'abakobwa baratorana? Yavuze iti « umugabo apfuye adasize abahungu, abakobwa biwe baratorana » .

Umugabo apfuye ata bahungu n'abakobwa afise hatorana benewabol iy'apfuye naho ata benewabo afise baja kurondera incuti ishika. Ivyo

vyose biri mw'ijambo ry'Imana. Tuze turamenya imico yacu, nivy'Imana idutegereza.

Mw'ijambo ry'Imana rero, mbere ngira ndahababwire kugira muze kuhisomera, murasoma mu gitabu co guharura 27:8 , niho muca mubitegera neza.

22. Ni nk'uko rero, ku bijanye n'amategeko yo gutorana mu Buurundi, abishatse, ni nk'uko abishatse umuvyeyi ashobora kuraga, agaha intoranwa umwana yamukoreye iciza yaba umuhungu canke umukobwa.

Kandi muri ico gihe, ntawumuvuguruza ; kandi abandi bana ntaco barondera kuri iyo ntoranwa.

Murumva yuko umukobwa no mu migenzo y'ikirundi, ntibibujijwe yuko atorana, umuvyeyi arashobora kumutoranya kandi n'abandi bana ntaco baza kuvuga kuriyo ntoranwa umuvyeyi amuhaye. Ivyo birazwi, mu migenzo y'ikirundi.

Murumva rero ko n'umukobwa yarafise uburenganzira bwo gutorana mugabo murumva ko hariho n'amategeko bijana.

23. Ico cigwa muribuka ko nakibasigaranye igihe nari ndi mu Rumonge, ngo musigare muragica hirya no hino. Kuko ubu mbona umenga ntimurampa inyishu, narinzi ko uno musu uwujwe ihuriro ry'abakenyezi aza kumbwira umuti mwatoye, none rero reka uno musu ndagishiremwo ibirungo kugira ngo muzompe inyishu y'akanovera kuko jewe nipfuza ko dutora inyishu y'ikibazo vyose dufise twabisuzumye neza tutihenda.

- Mbega ko tuzi ko umukenyezi n’umugabo bahejeje kuragana imbere y’amategeko baba bavanganije amatungo, bishitse, bashitse muhira umukenyezi akitaba Imana, umugabo wiwe yoronka uburenganzira bwo kuzotorana kwa sebukwe akaza hasi na baramuwe, kubera aba aje gutora itunga ry’umugore? Ico n’ikibazo. Reka ndagisubiremwo mucumve neza : “Mbega ko tuzi ko umukenyezi n’umugabo bahejeje kuragana imbere y’amategeko baba bavanganije amatungo, bishitse, bashitse muhira umukenyezi akitaba Imana, umugabo wiwe yoronka uburenganzira bwo kuzotorana kwa sebukwe akaza hasi na baramuwe”. Ubwa kabiri:
- Mbega bishitse naho abavyeyi uko ari babiri bakitaba Imana, abana babo barafise uburenganzira bwo kuja kugabura na ba inarume? Ica gatatu:
- Mbere reka nshike kure: Bishitse, nk’akarorero, umukenyezi w’umujiji akubaka mu bahanza, hanyuma agapfakara afise abana babiri, hanyuma, hakaba uwundi mugabo w’umuhima akamwabira bakavyarana abandi bana babiri hanyuma wa mugore agahava yitaba Imana, Abo bana bane, babiri b’abahanza na babiri b’abahima, bazoja gutorana mu bajiji? Iryo ni ibibazo ndiko ndababaza kugira muze mumpe inyishu.

Naho ndabahaye ubupfundo bugoye hariho ivyoroshe, kugabura ibisigi bihera nk’imodoka, inzu, nk’agatongo kamwe bubakamwo umuntu atoshobora kumanyura, ivyo washaka biroroshe.

Nico gituma kenshi, muzosanga abahungu n’abakobwa bagabura iyo bagurishije imodoka yasigwa n’umuvyeyi, iyo

bagurishije inzu yasizwe n'umuvyeyi, agatongo gato karya bukamwo inzu umuntu batomanyuriranira.

24. Aho twari mu miryango, mwumvise agakorwa mugiyeye gukora ubu ndabatomoreye ngira mwanyimye inyishu kuko bitari bitomoye neza. Iryo bibazo nivyoye muzokwishura tuzoca tumenya ikibereye ku Burundi.

Ntituze tugire ngo dukurikire ivy'abazungu, abazungu benshi umwana atorana ubwoko bwa nyina, barabidusiguriye neza kuko bavugaga ngo kugira bemere ko uri uwo mu murungu, nuko babona neza uwo wavuyemwo, kuko umwana atoranye ubwoko bwa se, uwo mu kenyezi ashobora kuba akuye umwana ahatari mu murungu. Nico gituma babigize uko, umukenyezi rero acaje hejuru kuko murumva yuko umwana atorana ivya nyina kuko niwe bwoko bwa nyina.

Mu Burundi bwacu naho muvuyibuke, mu gifaransa niho babivugaga neza: “est pere de l'enfant le mari de sa mere”

Ni ugukekeranya mugabo bacya bavugaga bati umugabo wa nyoko niwe so, kandi tukavyemera.

25. Murumva yuko imico n'imigenzo y'i Burundi, ntaho isa isana n'imico n'imigenzo y'abanyaburaya. Reka rero kuva murakurikira ivyoye mutazi. Jewe ndavyita ko uba uriko witabira uruvyino utazi aho rwagiriye, utazi n'uharukoze uwari we.

26. Ikindi kibazo kibazwa n'abakenyezi ni ukugabura ivyicarwo mu ntwaro y'igihugu. Icyo kibazo kibazwa kubera haje umugenzo wwo kubona ko ivy'igihugu ari nk'intango y'inzoga abantu bose basomako

umusa. Twaratituye ibijanye n’uburongonzi bw’igihugu, indongonzi zikabona ko zigiye gusoma umusa atari umutwaro.

Umusi twategereye ko uwugiye mu gisata c’uburongozi bw’igihugu azoba agiye gusukurira abarundi, akumva yuko ari umutwaro agiye kwikorera, ni wo musi indyane zo kugwanira ivyicarero zizohera.

Ivyo navyo nyene vyazanywe na kavantara, bafashe yuko igihugu ari umusa wo gusomako.

27. Maze imisi ndabisigura, baraduhenze!

Turagenda badukura mu bikorwa birwiza umwimbu, batujana mu bikorwa bitarwiza umwimbu:

Kuba indongonzi mu gihugu, kuba uwujewe igisata kinaka c’igihugu, gushika naho n’uwutize avuga ngo “ngiye kuba umuboyi w’uwukorera Reta”, “ngiye kuba umuyaya w’uwukorera Reta”, uwundi ati “ngiye gutwara ikinga rizotwara uwugiye gukorera Reta”..gushika aho abarundi bose bazera ubuzima bwabo mu kigega ca Reta, muga atanumwe yimbuye. Gushika naho umukozi wa Reta ahembwe agaca atanga ikori kurayo mahera ya Reta ahembwe, twibagira ko ayo mahera yavuye mu kigega tugaca tuyita ko ari amakori.

28. Amakori ava mu mwimbu, muga twaravyibagiye, tuvuga yuko umukozi wa Reta ahembwe, amahera yavuye mu kigega, agacakurako makeyi agasubiza mu kigega, tugaca tuvuga ngo ni inyungu Reta ironse, nayo si inyungu naho shwi!

Umudandanza agatsindira isoko, hanyuma Reta ikamuhemba, imuhembye agaca akurako amahera akaja gutanga ikori, Reta igaca ivuga ngo yungutse amakori yabonetse, naho shwi! Kuko ayo mahera yari yavuye mu kigega. Ahubwo mu kigega hari havuyeyo menshi, none hagarutse make. Aho Reta yari kurira rero, hariho umuntu

ajejwe guca iyihoza amarira agaca avuga ngo ndakuzaniye imfashanyo, agaca avuga ngo Reta yungutse, mu bufashanyo.

29. Ni mwaba mushaka ko dutera imbere rero, nagira ndababwire duhindure ibintu. Tumenye yuko ni twaba dushaka yuko Uburundi buzoba buteye imbere mu 2060, butegerezwa kwunguka bukaronka umwimbu, hanyuma tugakora ibikorwa bivuye muri uwo mwimbu kuko umwimbu ni inyungu.

Ivyo rero vyose nivyo vyatituye ubutegetsu bw'igihugu bica bituma tubiryanira. Niho rero abakenyeyezi bava bavugaga ngo natwe duheko ku musa. None kubera iki abagabo aribo banwa bonyene?

Niyaba ari ukurya gusa ataco wakoze, bese ni banyaga kuko icyo sahanu niy'abarundi bese. Ejo rero muzobona na banyaga bandi badakora muri Reta baza kubasaba bati tubise natwe dusomeko. Ivyo nivyo bitera indyane mu gihugu.

Tumenye yuko ivy'igihugu ari ivya twese, ugiye gukora mu gihugu, uba ugiye gusukurira abenegihugu nico gituma ari umutwaro, tuvuyumve uko .

30. Ni vyo umukenyeyezi arafise ububasha bwo gutanga intumbero y'iterambere muri iki gihe. Nico gituma tuvugaga tuti abantu bese bafise uburenganzira bungana kuvy'igihugu. Bafise uburenganzira bungana mu kurongora igihugu, ivyo ndavyemera. Ivyo ndavyemera y'uko umukenyeyezi nawe afise ubwo burenganzira bw'uko ashobora gufata ingingo mu bijanye n'ubuzima bw'igihugu.

Ariko kwumva ko umukenyeyezi atabikwiye, bakavugaga bati naho atabikwiye ategerezwa kubaho kuko ari umutegetsu , iryo n'iteranyuma. Dutegerezwa kurondera ababikwiye.

31. Bihora bimbabaza iyo nciye ahantu, bose nkumva bampanura bavuga bati rondera abantu bakwiye mu kibanza gikwiye, mugabo nagenda ngaca numva ngo ubwoko bwacu ntibwagiyemwo, intara yacu ntiyagiyemwo, igitsina cacu ntikirimwo, kandi bari bavuze bati rondera umuntu abikwiye mu kibanza gikwiye.

Mu gifaransa niho muvuga muti “l’homme qu’il faut à la place qu’il faut”

Mugabo, ng’urumva rero iki kibanza nic’umukenyenzi naho yoba ikigaba ntangorane, iki kibanza iyi ntara itegerezwa kukijamwo naho yoba umukenyenzi naho yoba umugabo nta ngorane. Mugabo muhejeje kumpanura muti “l’homme qu’il faut à la place qu’il faut”, “Umuntu wese mu kibanza bakwiranye”.

32. Aka kantu nagiye kukabona neza mw’ijambo ry’Imana, muri wa mugani w’itarenta, aho bamwe bariko barahazana bavuga ngo urya muntu yararenganije urya yahaye itarenti imwe, nca nsanga handitse neza yuko urya muntu umwe wese yamuhaye ibikwiranye n’ubushobozi bwiwe. Wewe niwaba ushoboye ibi reka kurondera ibikuruta, umwe wese ni akore ivyo ashobora gukora.

None ga yemwe sinabivuze? None umusirikare w’umukenyenzi ahete uruhinja, ugaca umujana ku rugamba, ntuba umenje ga yemwe? Ivyo n’ibintu biba vyumvikana, “l’homme qu’il faut à la place qu’il faut”. Nico gituma rero mwe n’iki gihe nico gutegera ko mu vyicar, umwe wese aba agiye gukora.

33. Reka rero turabe icatuzanye uno musu, mvuge nti umutogoto w'inkono watuzanye, twaje kw'ijambo rivuga riti : “tujane n'umukenyenzi mw'iterambere dushimikiye ku kugwiza umwimbu”.

Iryo jambo ririmwo ibintu bibiri, kudakumira umuntu n'umwe mu bikorwa vy'iterambere. Ni muri icyo ntumbero tuvugaga tuti , abakenyenzi ni bo benshi mu gihugu, dutegerezwa kubashira imbere kugira igihugu gitere imbere.

Ariko rero n'abo bakenyenzi ko ari benshi, ni bo bazodufasha no kurwiza umwimbu, ntitubasige inyuma rero dutegerezwa kwamana na bo. Abagabo ngaha bace bategereye yuko bafise uruhara rukomeye cane kugira ngo umukenyenzi aronke ka gaciro kiwe mu bikorwa vy'iterambere. Mugabo twese twumve yuko dutegerezwa kurwiza umwimbu , tutarwije umwimbu tudashobora gutera imbere.

34. Nta muntu azorya yicaye ngo duheze duter'imbere. None twese nitwaba abayaga n'ababoyi, tukaba abachoferi, tukaba akakokayi, tukaba aba commissionnaires, tukaba abarimu n'abaganga, tugaheza tukaba abashikiranganji, abashingamateka, twese abarundi tuzoca turya iki? Inzara izoca itwica. Twese tutaronse abafundi bubaka amazu tuzoba he? Twese tutaronse ababumvyi babumba icyo dukomeye gukoresha tuzoba he? Tuzorira kuki? Tuzokoresha iki?

Tutaronse abanyamyuga ngo bahingure ibitandukanye, amasuka, amashoka, tuzoba he? Dutegerezwa kuronka abahinga bakora mu bikorwa vyo kurwiza umwimbu.

35. Birya turimwo baraduhenze ngo tugende muri kimwe bita secteur tertiaire, irya uyijamwo wamaze gutunga.

None wewe wogura i bus atabantu bafise amahera bazoyigenderamwo? Nico gituma baca barondera ko yogenderwamwo n’abakozi ba Reta .

None wewe uzokwubaka i hoteri mu Cankuzo, aboje gutembera mu Cankuzo batagira amahera yo kujayo? Iyo hoteri ntaco ironka.

36. Kugira uje rero muri ivyo vy’amaservise, ubanza neza kuba waratunze ukabanza gukoresha itunga kama. Itunga kama ni wo mutahe Imana Yaduhaye. Tubimenye ivyo Imana yaturemeye. Imana yaduhaye umutahe ikiturema, yaduhaye ubwenge, iduha inkomezi, ica iduha ivyo tuzohingura. Nama nabivuze, Imana ntiyigeze irema inzu, ntiyaremye imodoka, ntiyaremye impuzu, muga Imana yaremye ibivamwo ivyo vyose , iciguha ubwenge kugira uze ubihingure, ivyo rero bize bica arivyo bigutunga. Udashoboye rero kuja kurima, ntuzuvuge ngo uzotunga. Abantu batanzwe no kuja gusaba akazi bamenye ko batazopfa batunze.

None tuzoshika muri 2040 gute , tutemera gukora, twemera gusaba. Ntawutunga asaba ndabisubiriyemwo, ntawutunga asaba!

37. Dutegerezwa kumenya kwiha akazi, umwe wese yihe akazi ashoboye. Kandi igituma dushira imbere abakenyezi, abakenyezi ni bo benshi kandi mu biravye neza nibo nkerebutsi kugira bashobore gutunga umuryango.

Abagabo reo bumve ko ubu ivy’ama ligalas tubivako, dutangure kuja impande y’umukenyezi dukore turwize umwimbu.

Ejo mukazobona abagabo dusanze kw’iligala tukabatwara kubakoresha ibikorwa, ntimuze muvuge ngo turabarenganije. Ubu dukeneye yuko atawurya yicaye, kandi tuzobajana mu bikorwa!

38. Abakenyezi mushike muhanura abagababo banyu muti kuva ubu nanje ndafise uburenganzira ko nzokurega ko urya utakoze. ni mubivuge!

Kandi mubabwire muti mumenye ko ngaha mu rugo ndi umuzezwanzu, ndi inarugo, menya nanje ico maze.

Umugabo acavuga ati ego wewe uri inarugo, uri umuzezwanzu, nanje ndi umutwe w'umuryango, ucumubaza uti none wamaze iki mu muryango ko uri chefu? Uti zana turabe, ubukuru bwawe bwerekaniye mu bikorwa.

Abagabo bose rero bashaka kuba abakuru, ni bavyerekaniye mu bikorwa.

39. Iki civugo rero nipfuza yuko twokigenderako gushika mu mwaka uza, kugira ngo mu mwaka uza iri koraniro nk'iri rizobe twabanje kugira inama turabe aho mugejeje ikivi. Erega mw'ihuriro ry'abakenyezi mwebwe mwari mutegerezwa guca mutubwira muti uyu mwaka uheze twebwe twashikanye ikivi ngaha, hanyuma tugaheza tukabakomera amashi.

None mu mwaka uza mubitegure, tuze tubanze tugire isuzuma, turabe ingene vyagenze kuri iki civugo; abagabo baranse mugaca muvuga muti abagabo baratugabiye; abagabo iryo zina rivuye mu kugaba, niko muzoca muvuga?

Iki civugo tuzokigendere twese atanumwe avuyemwo.

40. Mu guheraheza, nagira nishure ibibazo mwantuye.

Ikibazo ca mbere mwavuze ni ikibazo kijanye n'abakenyezi, baziganya bakaguranana.

Jewe niyumvira yuko dukwiye gutegera ibintu, igihugu kirakenye iterambere mugabo, igihugu kiba mu rutonde. Mugabo narindiriye ko muvuga muti turasavye rero ababijejwe batugirire amategeko bijanye mugabo urya mugambi ntuhagarare, aho niho mwoba mumbwiye neza.

41. Reka ndababwire, tugiye turavuga ngo ibintu bibe mu kajagari, none nkubu habaye amatati hagati ya barya baguranana, mbwira tuzobicira urubanza gute? None ko amatati tuyabona tuyazi, abiba tubazi bariho, hariho abakenyezi bivye imiriyaridi zirenga 3 , tugiye kuraba kuma comptes turayabura, amahera y’abenegihugu baregeranya baca barigira, tugiye kuraba dusanga mu miriyaridi 3 bafise imiriyoni 200, ayandi turabura iyo bayashize.

None twobireka uko, abo bibwe baranezerewe? Tubireke uko? Abo bibwe ntibaze basubizwe?

42. Ibintu vyose biba ku rutonde, ahubwo ico nakuyemwo, nuko tugiye gukorana n’ibanki nkuru y’igihugu, tugire amategeko ajanye navyo. Muga kuvuga ngo tubarekere akajagari kagumeho ntivyokunda!

Kubera iki? Mu Burundi twaramenyereye akajagari kabaye mu bihe vy’amagume, abantu baca babigira nk’uko umenga ni umuco n’umugenzo. Ejo muzokwumva abavuga ngo nimwemeze akamari ko kemewe mu gihugu, kandi mubizi neza yuko atamuntu numwe yemerewe kwegeranya amahera y’abenegihugu ataco yabakoreye.

Akamari karabujijwe n’amategeko kandi karahanwa. Mugabo tubandanije uko, kubera hariho abagakina mu kinyegero, ejo uzoza ubona batonze ngo, umugambi wo gukura akamari ni mubi

wugumizeho kuko hariho abakungukiramwo. None mu kamari ntihariho abunguka?

43. Ndababwire ikintu kimwe ibi bijanye no kutemera ko dukura akajagari: mu Buyenzi basavye umushikiranganji w'intwari yo hagati, ati twebwe turemeye turihe amahera, sambura aya mapavés yose hanyuma mutureke tushyire amagarages. Ni mwiyumvire, muce mwumva nk'umurundi, avuga ngo amahera turayafise, nituyatange amahera yose mwatanze mu kwubaka aya ma pavés ngo muyasambure hanyuma mutureke twinjize amagarages , ni mwiyumvire nk'ivyo!

Hariho abantu bamenyereye akajagari, gushika aho uvuga uti jewe nubatse iyi nzu, nshaka ko nzocuruza ama pieces de rechange amagarages ari ngaha mw'ibarabara. None tubireke uko?

Hariho ubunabwira bwadufashe, umuntu ashaka kurya ivya gusa, kandi ateye akajagari.

44. Ejo bundi naravuze ibintu bijanye n'ama congés. Abarundi barakunda ama congés ndababwire! N'umwana yiga muri Primaire, yumvise ko atazokwiga ejo, asimbira hejuru avyina ! Abarundi murakunda ama congés, ndababwije ukuri ni mwaba mushaka Uburundi buteye imbere, mubanze mwumve ibikorwa.

45. Ama congés ! Ni mumparurire imisi ya gatandatu n'iyamungu dufise mu mwaka, muharure imisi mikuru dufise ijanye n'ijambo ry'Imana, muce muharura imisi mikuru twe dufise mu Burundi, muce mumbwira imisi turuhuka mu mwaka ! Turuhuka imisi irenga 170 ku

mwaka. Mu misi 365 usiba gukora imisi 170, mbwira tuzotera imbre ryari? Namwe ni mumbarire !

46. Nababwiye, genda murabe i Buraya, muri Asia, muri Amerika, uyu musu bariko barawuhimbaza, mugabo genda murabeko hari abicaye bangana uku kuri stade! Kubera turakunda ama congés, dukunda kwicara ! Kandi tugaca tuvuga: umviriza ingene vyanditse mu gifaransa gihinguye neza, ngo « Jour férié chômé et payé », ngo ntegerezwa guhembwa n’aho ntakoze. Mbega none, tumeze uko? Jewe ni mumbwire ! Ubu rero hariho n’ivyiharaje, ubu n’umugenzi yabuze muvyara wa muvyarawe, aca avuga ati jewe ndagiye gushigikira mugenzanje yabuze muvyara wa muvyarawe, ngiye kumushigikira ku maziko, ugaca uhagarika akazi !

47. Ugasanga Ministère indwi iheze hakora abakozi nka 3 gusa, ivyo ntimubibona mwebwe nyene ! Hanyuma ngo mushaka mu 2060 igihugu giteye imbere ! Kugira igihugu gitere imbere dutegerezwa kuja ku kivi, dutegerezwa kuja ku kivi.

Yezu yavuze ati « Data aguma akora, na jewe niko k’uko, nguma nkora ». Bari bamwagiriye y’uko yakoze ku musu w’isabato. Mugabo twebwe ha kw’umva nk’iryo jambo ry’Imana, tuza kwumva ngo « Umuntu ntatungwa n’inrya gusa » ! Ngo « ni musabe muzoronka » ! Ngo umuntu ntatungwa n’inrya gusa, mukaguma musega hanyuma mukavuga ko muzotera imbere; ntibikunda !

48. Turashobora guhimbaza umusi kandi turi ku kivi.

None kuvuga uti uyu naka yaritavye Imana, tugira tuje kumusabira, duce tuja gushirako amashurwe hanyuma dusubire ku bikorwa, ivyo

bintu bitwaye iki ! Mugabo twese dushaka ama congés ! Ni muyamparurire murabe ko ni twahagarara, uwa gatandatu n'uwa mungu, tugahagarara y'uko turiko twipfurizanya umusi wahariwe ubumwe mu Burundi y'uko ari uguca twicara, ntaho tuzoshika. Urya musu wari ukwiye y'uko ahubwo ariho tugira ubumwe mu bikorwa, tukagira ikibiri. Mugabo ngo « Jour férié, chômé et payé » !

49. Rero, abarundi twamye dukingira abigeme. Turabizi! Kuko abakenyezi ntibemera kuja mu kintu kibi baja mu kigororotse ndabazi. Muri amashurwe! None ndabasabe mwebwe nyene, mumfashe uru rugamba. Nico gituma tubakunda, kuko turi amashurwe.

50. Ariko mubimenye neza, Imana yavuze y'uko umugabo agira umugore umwe, umugore agira umugabo umwe! Umugabo rero, kuri uwo mugore wiwe ategerezwa kumukunda, kuko niryo shurwe ryiwe. Na Adam murazi ko yaciye anezerwa cane aca atangura kuvuga ama poèmes abonye umugore. Yaciye atangura kuvuga ivyese. None, mbwira ingene ryoba ari igufa ryawe ukareka kunezerwa! Igufa ryawe atari amagufa abiri. Nti bikunda ko aba amagufa abiri, ni igufa rimwe! Eeh, tubura igufa rimwe, ntitubura abiri, tubimenye neza. None rero uwo wa kabiri aje gukora iki! Ni ingurukizi. Ingurukizi nayo umuti wayo, ni ukuyihonyora. Ingurukizi barayihonyora!

51. Nico gituma abagore bose baharitse bakarongorwa mu ngo z'abandi, abo bagore ni babe barataha tutaraja kubatahisha! Haze umugore mukuru. Eh, hariho aba Buramatari bakanura babitanguye! Ba Buramatari bose babe banyumva. Abo bagore

baje gutuma abagabo baharika, tuzobirukana bose basubire iwabo, nta yindi nzira. Gutyo niho twoba dukingiye kazoza, kuko ntabazosubira guharika. Kandi bigupfako ubusa!

52. Ariko abakenyezi ndababwire, jewe nahora mbona kera, kugirango umenye ko urugo rutahamwo umukobwa, umukobwa yakubura gushika kw'ibarabara. None kubera iki mwebwe abakenyezi mutabona umwanda ? Naraye mbonye akamaramaza, aho abakenyezi bashobora kwicarana n'umwanda! Ndabasavye, natanguje isekeza ejo, kandi nihaye imisi 100, ibisagara vyose bitegerezwa kuzoba vyakaka. Guhera uno musu, mugende muraraba ahari iyarara hose tuhasukure.

53. Kubona hariho amashirahamwe, ingo zitangamwo amahera, ingo bagatanga amahera, iryo shirahamwe ngo rijejwe gusukura ngo ahanaka, ugasanga amayarara niho ari! Kubera iki mutababwira muti wavuze y'uko ujejwe isuku muri quartier yacu, nta yarara tuhakeneye! None ntimutanga amahera, ni ay'iki! Mugabo vyavuye kuko tutakunda Uburundi, umengo ukuburiye mw'ibarabara nta ngorane. Ivyo ntaho bitaniye na wawundi akuburira mu rugo agakuburira musu y'urutara.

54. Mwebwe nyene mube ari mwebwe muhatira aya mashirahamwe yose ko ategerezwa gukubura iyo quartier yose. Wewe wokubura mu rugo udakubuye kw'irembo! Ntibikunda! Ico gikorwa tugikore.

Abari basanzwe bajejwe bobo gukubura isoko ya Ruvumera na Cotebu, bobo baraye bavyiboneye. Bazokora ukwezi kwose ata

n'umwe abarishe! Banse, tubace amande, kuko ntibakoze ivyo bategerezwa gukora. Kumara umwaka wose udakuye umwanda, kandi babihemberwa! Ni mwiyumvire, ngo akazu kamwe kamwe gatanga ibihumbi bine ku kwezi, ni mwiyumvire ayo mahera yariye ingene angana! Ni banka gukora kurya kwezi ataco baronse, nzoca mparura amahera yose binjije hanyuma menye ingene tuyagabura. Duce tuyaguramwo imiduga myiza myiza ikomeye, ice iza gutwara imyanda, kuko ni menshi.

55. Birateye isoni, kandi ayo mashirahamwe, iyo miduga yabo niyo nyene itera imyanda mu gisagara! Bafise ibiduga vyaboze, ya myanda ikagenda irakorokera mw'ibarabara ntibayikubure. Ntimurabibona none? Bafise ibiduga vyaboze, birya biduga ubu nsubiye kubibona mw'ibarabara, navyo nyene tuzosiganwa. None sibo bacafuza ama barabara, jewe nama ndabibona, rupfira ngaho rugaca rwigumira aho nyene. Rugenda rurata umwavu mw'ibarabara, ivyo vyose tugiye kubikontorora, tubaca amande, tubaca amande, tubaca amande.
56. Bamwe muri mwebwe mufise imiduga, muraheza kunwa amazi mugaca muta agacupa mw'ibarabara. Ndasavye muzoce mwadika i numero y'iyi modoka! Tuzomuca amande y'uguca akubura iryo barabara umwaka wose, nta yandi mayeri. None tubagire gute! Umuntu yize, agaheza ahejeje kunwa amazi, agaca ata agacupa mw'ibarabara, nk'uko umenga ni ikindi gihugu atari iwabo! Uburundi si igihugu c'icukiro. Kand murazi wigize igisogororo, inka zikugangako. Dutegerezwa Uburundi kubugira igihugu gisukuye, ciza.

57. Abakenyezi rero mumfashe dufate iya mbere, kuko ni ku neza yanyu. Mu misi iheze mwarabonye igihe ingwara ya korera yatera hariya za Buterere, hariya mu Gisyo, hanyuma nkaca niruka, sinabazaniye amazi! Kubura amazi, ni ubukene, hari igihe tutaba dufise amikoro, mugabo gukubura! Gukubura, oya nawe nu ntivyotunanira! Emwe ico kintu ndakibasavye, umurundi wese.
58. Banyeshure, narasanze ahantu hari iyarara kw'ishure I Bujumbura, bakubura iyarara bakaja kurita kw'ishure ntuzewe! Abanyeshure, mubirabe neza, isuku ritegerezwa kubaho. Abo bantu baza guta imyanda harya ku kibuga mukinirako, mubiyamirize, mubafate, duce tubaha ibihano. Mugabo nongere ndabahanure yemwe, abantu bafise imiduga, uwuzosubira guta agacupa k'amazi mw'ibarabara, ntihazobura uwugira imana mbi nkamubona! Birateye isoni.
59. Nk'ubu ndiko ndavuga ibi mwese muca mujinyika, murababaye, muca muja kundega kuri ba kavantara, ngo uyu mugabo mwewe ntaje bwo! Jewe nagira ndababarire, si mwebwe mwantoye? None mwantoye ngo nemere yuko tuguma mu kajagari? Ni mwaba mushaka uwemera akajagari, uwemere umwanda, uwemera ubukene, jewe nta bukene nemera, tuzohangana, abashaka tuzojana, tujane twese, cane cane abakenyezi.
60. Ariko sinogenda ntabakeje abakenyezi. Hariho abakenyezi mpora mbona b'intwari. Murabona nk'irya banki yanyu, yaraye ivyaye irindi shami I Bujumbura. Ndabakeze kuko irya banki yanyu yavyaye. Abakenyezi muri ibitangaza.

Murabona rurya ruzu rwiza ruri harya haruguru? Hariho uruzu rwiza ruri harya haruguru, ni urw'abakenyezi. Eee, ababikira Bene Tereziya! Barubatse ihoteri nziza. Mbega nta kuntu nk'aba Furera Bene Yozefu nabo bobigana, bakubaka nka rurya! Eeee, nk'aba Furera Bene Paulo bakubaka nka rurya nyene! None raba abakenyezi ni bo babatanze.

61. Hariho abapatiri b'aba Jésuites na bo nyene, barubatse ishure ryiza kuri Saint-Esprit. Hari n'uyundi musaseredoti nabonye i Kiremba (Ngozi) yubatse ibitaro neza, vyiza cane, nari nzi y'uko uwutwara ibitaro atari umu Docteur ataco yomara, none nasanze ariwe ateza imbere amagara y'abantu.

62. Abakenyezi rero, imisi yose mwama murondera utuntu dutuma abantu banezerwa. Hariho rero abakenyezi nabo b'intwari, bari mu mwimbu, bafise amahinguriro, nkabona y'uko muriko muva hasi, mwebwe ni mwe muzomfasha mu kurwiza umwimbu, kugirango igihugu kibone gutera imbere. Mugabo abasavyi, ndabivuze, nta muntu atunga asaba. Abantu bagisaba akazi bakanka kukiha ntibashobora na gato gutera intambwe mw'iterambere.

63. Ngirango muramaze kubibona, ubu abagiye mu burimyi, ubu bose babaye abatunzi. Kera bavuga ngo « Le plus pauvre c'est le paysan », aujourd'hui, uyu musu nshaka ko bihinduka, « Le plus riche sera le paysan ». Hinge tugire amahinguriro yo guhingura murabe. Duhingure inyama z'inkwavu, dukoreshe amase yazo mu kurwiza umwibu w'uburimyi,...Ibigori ubu si sawa ? Uwutarimye ibigori ubu ndazi ko yicuza. Eee, ngo « Nabirima mumbona,

nzobirya munsaba». Tugwize umwimbu, nta yindi nzira y'iterambere.

64. None rero, mpereje ku gukeza abakenyezi bose, umwe wese yihe amanota ku vyo yakoze, uwuzoba ataco arakora, ace yikubita agashi, yigane abandi, hanyuma mudukwege na twebwe abagabo rero, tuje inyuma yanyu, tujane twese kuri urwo rugamba rw'iterambere, duhereye mu kurwiza umwimbu.

Mwese rero murakoze, Imana ibahezagire !